

 <p>Inivèsite Vodou Ayisyen INIVA</p>	<p style="text-align: center;">INIVESITE VODOU AYISYEN INIVA</p> <p style="text-align: center;">Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org</p>
--	---

Pasaj nanm la sou Latè a, se yon eksperyans plen dimansyon ladan tankou tou li miltidimensyonèl.

Lè nanm la rantre nan yon kò, li enkarne, li vini devlope 2 nati, youn sansib lòr la entelektyèl.

Konbinezon 2 nati yo, vini kreye kay lòm, fòm pèsepsyon l ... **jan li konsevwa lavi a**

Nou ka konsidere diferan tip pèsepsyon lòm devlope , vini tankou yon don pou li.

Jan nou pèsevwa reyalite a, se yon don, ki genyen pou baz, 2 nati lòm sou latè.

Nou ka di se yon **don espiyèl ke w devlope pou w kontwole ak jere reyalite w sou latè a.**



Nou kapab di, ke lòm pèsevwa reyalite a, 4 fason diferan, lòm kap evolye sou latè a posede 4 don espiyèl ki gide l nan pèsepsyon l ak konpreyansyon l

Se a travè don li yo, jan yo dispose pou li, ke lòm aji, reyaji, konpran n, kwè, santi, wè kominike.



4 Don espiyèl lòm yo se : **Don Entwisyon**, **Don Vizyon**, **Don Sansibilite**, **Don Pwofetik**.

Don sa yo ede nou konekte ak tèt nou , ak , reyalite ki devan w la.

Don Entwisyon

- **Entwisyon se pati logik la, se pati rasyonèl nan nou, se sajès entèn la.**
- Entwisyon pèmèt ou rapidman konpran n yon sitiyasyon.
- Entwisyon sèvi kòm yon konpa ki an dedan w, kap avèti w yon danje potansyèl oswa gide nou nan direksyon pou opòtinite ki aliye ak objektif nanm nou.
- Don Entwisyon a se yon don ki asosye ak lidèship. Paseke se yon don lè li dominan pèsònaj sila a jeneralman genyen anpil enoati laka li.
- Li konpran lòm ak anpil fasilite, li se jeneralman yon moun ki just, ki respekte moun, ki kon n delege, ki travay byen ak lot moun
- Pou entuitif la li enpotan pou li konpran n, wap wè lè moun sila a pale, lap di "**mwen konpran n**", **lap vle konnen si w konpran n lap poze w keystyon "Eske w konpran n"**
- **Si se fransè ke l pale lap di : "Je comprends" si se anglè li pale la di "I understand"**
- **Lè yon moun genyen don entwisyon prononse yo di moun sa a se yon "Entwitif"**
- **Koulè prefere yon entwitif se Rouj.**

Don Vizyon

- Don Vizyon a li menm, si se li, ki dominan lakay ou. wap konprann reyalite a a pati de vizyon w.
- Yon vizyonè pèsèwva reyalite a dapre imaj ke l li pèsèwva, Pou yon vizyonè wè sa wap di a empòtant. Lè lap pale li toujou prezante yon image.
- Moun Vizyonè yo posede yon kapasite amelyore pou vizyalize ak imajine posiblite lòt moun ka neglije. Yo kapab wè pli lwe, yo kapan wè nuans yo pli fasil.
- Reyalite yo adapte selon klarte vizyon an. Plis vizyon an klè plis vizyonè a amonize ak reyalite a
- Yo wè ak konprann reyalite a nan je enteryè yo epi yo fotografye andedan yo
- Vizyonè yo souvan devlope don atistik, yo se envantè, lidè, yo rève zye klè
- Vizyonè renmen tout bagay nan lòd. Pa deplase sa li fini klase. Lè li genyen yon imaj nan tèt li li difisil pou l chanje.
- Lè yon vizyonè a pale li toujou renmen di "Eske w wè sa ma di w la" , lè w wap pale avè l li toujou ap di "Mwen wè sa w wap di m la" - ou swa mwen pa wè sa wap di m la
- Lè yon imaj pa vini klè pou yon vizyonè, konfizyon kapab penetre l. Li vini pa konpran n.
- **Lè yon moun genyen don vizyon l prononse yo di moun sa a se yon "Vizyonè"**
- **Koulè prefere yon vizyonè se Jon**

Don Sansibilite

- Sansibilite se yon don ki genyen anpil vale pou lòm sou latè.



INIVSITE VODOU AYISYEN

INIVA

Rte Bassin, Morne Blanc Gonaives, Artibonite Haiti
Tel 509 3770 8374 – email admin@vodouedu.org

- Genyen yom santiman pou yon sitywasyon, yon pawol, yon veku, se yon don espiyèl ekstraòdinè ki pèmèt nou mete nou konekte pwofondman ak lòt moun ak mond la ki antoure w
- Li se kapasite w pou ka wè emosyon ak entèprete, enèji, ak Vibrations prezan nan anviwònman w.
- Moun ki genyen sansibilite ki wo, yo genyen sansitivite pou pwochen yo.
- Yo kabab konekte fasilman ak lanati, ak environman yo, bèt yo, ak enèji yo sibtil
- Don sa a pèmèt nou antre nan soulye lòt moun, ankouraje yo pli fasil, genyen konpasyon, konpreyansyon, ak inite.
- Lè don sansibilite a pli fò lakay yon moun, si li pa dezikilibre, li toujou kontwole environman an pli fasil ke lòt don yo
- Lè yon sansib ap pale li renmen di "**Eske santi sa ma di a**".
- **Yon moun ki genyen don sansibilite l prononse yo di moun sa a se yon "Sansib"**
- **Koulè prefere yon Sansib se Bleu.**

Don Pwofetik

- Don pwofetik la. se yon don ki enteresan lè li byen devlope. Se don sila ki bawou pouwa pou w konnen lavni, pou kon n byen lwen.
- Don pwofetik se yon lòt don espiyèl ki disponib pou tout moun sou latè.
- Se a pati don sila ke w resevwa mesaj, ke w konekte ak lòt mond la.
- Pwofetik yo ka wè pi lwen pase limit tan ak espas la, lè yo rive wè evènman ki gen pou vini yo, se ak anpil asirans ke pwofetik yo evolue.
- Pèsepsyon pwofetik ka vini sou yon fòm nan rèv, vizyon, oswa revelasyon rapid.
- Lè yon pwofetik la ap pale li renmen di "**Eske w konnen sa la di a**". Paseke pou li sa li konnen a se verite absoli
- .Si lap pale anglè la di "You known what I mean right" ... Ou konnen sa m vle di a wi.
- **Lè yon moun genyen don pwofesi l prononse yo di moun sa a se yon "Pwofetik"**
- **Koulè prefere yon Pwofetik se MAUVE.**

Tout moun sou latè posede tout 4 tip pèsepsyon yo - ke nanm ki nan yon kò devlope a pati de 2 nati li yo, Nati Sansib ak Nati entelekyèl li

Pou w rive konpran kouma w pèsevwa reyalite fòk ou rive konpran n kijan 4 don sila yo oganize pou wou.

Ekzamp : Ou kapab yon "Vizyonè - Entwitif - Sansib - Pwofetik" -

- Sila ta vle di ke w pèsevwa reyalite a pati de vizyon w
- Lè imaj la klè pou wou, se lè sa a ke w **vini konprann sa w pèsevwa a**
- **Apre w vin n konpran n ou vini devlope yon sansibilite pou pèsepsyon a**
- **Se Lè wè ke w konpran n se apre ke w konprann ou santi l e selè sa ke w kwè**
- **koulè ki atire moun sila se Jaune ak Rouje ak Ble**



Ou kapab yon "Entwitif - Vizyonè - Sansib - Pwofetik" -

- Sila ta vle di ke w pèsevwa reyalite a pati de konpreyansyon w
- Se Lè w rive konpran n sitiyouyon ke w an amoni, se lè sa a ke w **vini konprann sa w pèsevwa a**
- Se pati entelek la ki dominan. Ou genyen karaktè chèf paseke w byen konpran n sitiyouyon a kifè ke w asire yon lidèship.
- **Apre w vin n konpran n ou vini devlope yon vizyon pou pèsepsyon an epi yon sansibilite pou sa w konpran n la.**
- **Se Lè wè ke w konpran n se apre ke w konprann ou santi l e selè sa ke w kwè**
- **Pou yon entwitif , detay pa enterese l.**
- **koulè ki atire moun sila yo se Rouje Jon ak Ble**

Si don prensipal ou se Sansibilite a sila vle di

- Ke w pèsevwa reyalite a selon santiman w. Ou genyen yon sansibilite devlope pou environman w.
- Yon sansib toujou angaje l nan tout detay, yo sansib pou tout sa kap pase.
- Sansib yo se yo ki jwi lavi yo plis, paseke se sou santiman, yo vanse.